



# ADMINISTRASYON FEDERAL LOJMAN (FHA)

## ENFÒMASYON KONSENAN RETABLISMAN APRE YON DEZAS

WWW.HUD.GOV / RECHÈCH SOU "DISASTER RELIEF FOR FHA HOME OWNERS")

("SEKOU POU KATASTWÒF POU PWOPRIYETÈ KAY FHA YO")



### ANREJISTRE AK FEMA

Nan menm moman deklarasyon Prezidansyèl pou yon dezas finn fêt, Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA) konmanse tabli Disaster Recovery Centers (Sant Retablisman pou Dezas) nan tout zòn ki afekte yo, net net. Asistans ka disponib pou ou ak fanmi ou, lè nou anrejistre nan FEMA. Ou ka ale anrejistre tèt ou nan Sant Retablisman pou Dezas oubyen sou entènèt nan [www.FEMA.gov](http://www.FEMA.gov), oswa nan telefòn nan **1-800-621-3362**.

### KONTAKTE KREDITÈ MÒGEDJ IPOTÈK OU A

Kontakte bank ki prete ou lajan pou achte kay ou. Li se menm avek kote ou peye mògedj ipotèk chak mwa pou kay ou a. Annagle yo ka rele kote, oswa moun sa a, "servicer" tou. Fè yo konnen ou se viktим yon dezas. Bay yo nimewo dezas FEMA a ak denye nimewo telefòn oswa lòt enfòmasyon pou kontakte ou, si sa ta nesesè. Pi bonè ou kontakte bank la, pi bonè y ap ka ede ou chwazi sa ki kapab disponib pou ou. Mande si ou kalfye pou yo ranvwaye dat peman mògedj ipotek pou kay ou a sou yon lòt dat pi devan pou yon ti moman, pou ka bay tèt ou plis tan pou regle zafè w. Anpil bank ap anile frè pou reta, epi yo pa pral pote plent pou reta bay ajans rapò kredi yo. Alenkile sa pap gen yon move enpak sou kredi ou. Lè dat yo ranvwaye pou peye a vinn rive, kounyea wap kontakte bank ou a ankò pou w ka diskite ki plan ou genyen pou peye mògedj ipotek kay la. Menm si ou pa gen okenn domaj lakay ou, bank ou kapab ede ou si dezas la te afekte kapasite w pou peye mògedj ipotek kay la (pa egzanp, si ou te pèdi travay ou tout bon, oswa pou yon ti tan, oswa si ou te travay mwens lè akòz dezas la.)

### KONTAKTE YON AJANS KONSEY SOU LOJMAN HUD APWOUVE

Menm ajans ki bay consej sou zafè kay, sa yo menm ki apwouve pa HUD yo, ki bay edikasyon sou fason pou achte yon kay, se yo menm menm menm ki kapab bay konsèy sou payman mògedj oswa ipotek kay apre yon dezas. Si ou pa finn sèten sou ki desizyon finansyè pou pran, oswa ki gen rapò ak ipotèk ou, kontakte yon konseye pou lojman. Konseye Lojman yo kapab bay konsèy sou kesyon kat kredi, kredi etidyan ak lòt dèt, epi yo gen lòt enfòmasyon ki ka ede ou pandan w ap eseye kanpe sou de pye ou. **Ou pa oblige gen yon prè FHA pou rankontre avèk yon ajans konsèy sou lojman HUD apwouve, epi pa janm gen kob pou paye pou konsèy ou ale mande pou ka anpeche yo sezi kay ou, sa yo rele "foreclosure."** Pou jwenn yon ajans konsèy lojman ki toupre ou, Nimewo Otomatize pou Chèche Konseye Lojman an nan **1-800-569-4287**, oswa ale sou [www.hud.gov/fha](http://www.hud.gov/fha).

### SANT SÈVIS NASYONAL FHA YO

Si ou gen yon mògedj ipotèk ki gen asirans FHA, Sant Sèvis Nasyonal FHA nan **1-877-622-8525 (Sèvis Relè Federal nan 1-800-877-8339)** ka ede w si w gen nenpòt kesyon sou lajan ou te prete pou kay ke kreditè FHA ou a pa kapab reponn, oswa si ou gen kesyon oswa enkyetid sou kreditè FHA ou a. Si ou pa gen yon ipotèk ki gen asirans FHA, kontakte kreditè ou imedyatman oswa kontakte yon konseye sou lojman.

### LOJMAN TAMPORÈ

Ou Kapab jwen enfòmasyon sou lojman temporè nan plizyè kote tankou: (Disaster Recovery Center) Sant Retablisman apre Dezas FEMA yo, Ajans Finansye oswa Otorite Lojman Eta a, otorite lojman vil la oswa konte a, Red Cross (Lakwa Wouj), Salvation Army (Lamedisali), legliz lokal, ak lòt òganizasyon repons pou katastwòf.

### RAPÒ SOU KREDI

Ou ka kontakte biwo rapò kredi nasyonal yo, Experian, Equifax, ak TransUnion, pou mete yon deklarasyon sou rapò kredi ou ki endike ou te viktим yon dezas. Si ou gen enkyetid sou aktivite ki pa apwopriye oswa ki pa kòrèk ke ou jwen sou rapò kredi ou, ou ka fe mete yon deklarasyon tou. Pou asistans, kontakte yo ajans konsèy lojman HUD apwouve. Lwa federal pèmèt ou jwenn yon rapò kredi gratis chak ane nan men chak twa (3) ajans sa yo. Pou kòmande rapò kredi ou gratis, ale nan [www.annualcreditreport.com](http://www.annualcreditreport.com).

**ASISTANS AK MÒGEDJ IPOTÈK POU PWOPRIYETÈ KAY YO**

Kalite asistans pou ipotèk ou ka resevwa depann de ki kalite prè ou genyen, sitiayson revni / travay ou, kondisyon kay ou, ak lòt faktè. Tcheke ak kreditè ou pou detèmine ki opsyon ou ka jwenn pou ou ka kalifye. Anba la a, wap jwenn kèk opsyon pou moun ki gen prè ki asire pa Administrasyon Lojman Federal (FHA):

- **PLAN POU RANBOUSE OSWA PASYANS:** plan sa a, se yon akò ant ou menm ak kreditè ou. Li bay yon opòtinite pou ou peye lajan ou te dwe min ke ou pa te peye pandan yon peryòd tan, an plis payman mògedj ipotèk regilye ou a.
- **MODIFIKASYON PRÈ:** sa se yon chanjman pèmanan nan youn oswa plis kondisyon prè ou. Li baze sou difikilte finansè ou.
- **REKLAMASYON PASYÈL:** se yon prè san enterè pou lajan ou dwe ke ou pat peye. Ou kapab peye li lè ou vann kay la, oswa lè ou finn peye mògedj ipotèk la net.
- **LAVANT KOUT (LAVANT AVAN YO SEZI KAY LA):** yon akò avèk kreditè ou ki baw dwa pou vann kay ou pou mwens kob pase sa ou dwe sou li.
- **BAY TIT LA TAN POU YO SEZI KAY LA:** yon akò avèk kreditè ou kote ou bay li tit kay ou, epi li menm li retire obligasyon ou genyen nan mògedj ipotèk la.

**ATANSYON AK MAGOUYÈ**

Fè atansyon ak magouyè k ap pran pòz y ap ede ou ak kredi mògedj ipotèk ou ak lòt moun k ap fè move zak. Evite moun ki di yo ka ede ou ak kredi ou oswa repare kay ou oswa lòt sèvis epi yo mande pou ou peye davans tou swit. Veye pou pa pran yon kontraktè ki pa gen lisans. Pa janm siyen yon bagay ou pa konprann. Poze kesyon epi chèche konsèy anvan ou pran nenpòt desizyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [www.HUD.gov](http://www.HUD.gov), [www.FEMA.gov](http://www.FEMA.gov), oswa [www.loanscamalert.org](http://www.loanscamalert.org).

**REKONSTRIKSYON, REPARASYON, DEMENAJMAN**

Tcheke avèk Small Business Administration [Administrasyon Ti Biznis] ([www.SBA.gov](http://www.SBA.gov)) pou asistans pou kay ak biznis. FHA ofri plizyè pwogram ou ka tcheke, si ou ta deside pou rekonstwi, repare, oswa demenaje pou al viv lòt kote:

- **FHA 203(h):** Si ou te yon pwopriyetè kay oswa yon lokatè, epi kay ou, ki nan zòn ki afekte a, te detwi, oswa domaje tèlman grav rekonstriksyon oswa ranplasman nesesè, ou ka kalifye pou kredi ipotèk **FHA 203 (h)** la. 203 (h) bay finansman FHA san ou pa oblige bay okenn depo (down) pou achte yon lòt kay nan vil kote ou rete a, oswa nenpòt kote nan peyi Etazini. Moun ki vle prete kob sou pwogram sa a, fok yo anrejistre ak FEMA epi satisfè lòt kondisyon tou.
- **FHA 203(k):** Pwogram sa a pèmèt yon moun kalifye ki vle achte kay, oswa yon moun ki pwopriyetè kay, pou yo achte yon kay, oswa refinanse yon kredi kay li te deja genyen. Epi ou ka tou mete ladan kob reparasyon oswa amelyorasyon kay la nan lajan mògedj ipotek la. Itilize **FHA Standard 203(k) [FHA Estanda 203 (k)]** lè gwo reparasyon oswa reparasyon striktirèl nesesè. Itilize pito **FHA Limited 203(k) [FHA Limite 203 (k)]** lè reparasyon ki pa striktirèl ki koute \$35,000 oswa mwens kob, nesesè. FHA ofri tou yon **Energy Efficient Mortgage-Ipotèk Enèji Efikas (EEM)** pou reparasyon ki bay enèji efikas oswa yon amelyorasyon. Ale sou sitwèb [www.hud.gov/fha](http://www.hud.gov/fha) oswa rele **1-800-Call FHA (800-225-5342)** pou jwenn plis enfòmasyon oswa, rele yon kreditè FHA apwouve.
- **FHA Title I Property Improvement Loan (FHA Tit I Kredi pou Amelyorasyon Pwopriyete):** Sa a se yon dezyèm ipotèk pou chanjman nan kay, reparasyon oswa amelyorasyon sou sit la. Maksimòm montan kredi pou yon kay yon sèl fanmi se \$25,000; \$25,090 pou yon kay prefabrike sou yon fondasyon pèmanan; ak \$7,500 pou yon kay prefabrike ki klase kòm pwopriyete pèsionèl.

**KONTAKTE FHA:** Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram FHA, ale nan [www.fha.gov](http://www.fha.gov), [www.espanol.hud.gov](http://www.espanol.hud.gov). Rele nou nan

**1-800-Call FHA (1-800-225-5342)**, voye yon imèl ban nou nan [answers@hud.gov](mailto:answers@hud.gov), oswa vizite baz konesans sou entènèt nou an nan [www.hud.gov/answers](http://www.hud.gov/answers). Moun ki gen difikilte pou pale oswa pou tande yo kapab jwenn aksè nan nimewo sa a atravè TTY lè yo rele Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339, oswa itilize nenpòt fòma ki aksesib ki disponib nan nimewo yo bay nan lyen sa a: <https://www.federalrelay.us/tty>.

\*\* Nou pa ka itilize yon diferan non/tit pou kredi ak tit yo epi se sa ki fè y ap rete nan angle orijinal la.